**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 30 август Рузман №39 (7853) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Дагъистаналъул цIумал - Олимпиялъул борхалъуда



ГIадатияб гуреб ахIвал-хIал букIана 26 августалда МахIачхъалаялъул халкъазда гьоркьосеб аэропорталда дагъаб цебе Парижалда тIобитIараб Олипиадаялъул чемпионал МухIамад Рамазанов, АхIмад Тажудинов, Разамбек Жамалов ва мазгарул призерал Даурен Куруглиевгун МухIамадхан МухIамадовасда дандчIвай гьабулаго.

Дунялалъул батIи-батIиял пачалихъазул вакилзаби хIисабалда Олимпиадаялда цере рахъаниги, дагъистаниял жал рукIин кирго кIочене толарел нилъер гIолохъаби рачIиналъухъ балагьун чIун рукIана бакъул багIариялъухъ балагьичIого, нус-нус дагъистаниял.

Гьездаго цадахъ вачIана Дагъистаналъул спортивияб гугариялъул Федерациялъул президент, предприниматель ГIумар Муртузалиев.

Аэропорталда гьезда дандчIвай гьабуна Дагъистаналъул ХIукуматалъул Председателасул заместитель Муслим Телякавовас, республикаялъул спорталъул министр Сажид Сажидовас, спортсменаз, «Лезгинка» миллияб кьурдул ансамблялъ ва рикIкIен гIемерал спорт бокьулез.

Киназулго гъунки-цолъиялъулъ букIана ракьцояздаса бугеб чIухIи ва рохел. ИгIланазда чIварал спортсменазул сурталги ккун гьел рачIиналъухъ яхI хун балагьун чIун рукIана Хьаргаби районалъул гьитIичалги.

-ГIемермиллатазулаб Дагъистаналъулго бергьенлъи ккола нилъер гIолохъабазул церерахъин. Жеги лъикI букIинаан гьел ва Россиялъул командаялъул вакилзаби улкаялъул байрахъалда гъоркь цере рахъарабани, жеги цIикIкIун букIинаан чемпионазул къадарги, нилъер рохелги, амма пайда щибха. Гьелъул магIна кколаро нилъ гьаздаса рохун ва чIухIун гьечIилан, гьелъул гIаксалда, нилъее гьал руго жакъасеб къоялъул миллиял багьадурзаби, гIун бачIунеб гIелалъе лъикIаб мисал,- ян абуна Муслим Телякавовас.

РагIи кьурав меценат, «БацIцIадаб ракI» рахIмуялъулаб фондалъул нухмалъулев ГIумар Муртузалиевасги баркана гIагараб Дагъистанги, вижараб росу-ракьги дунялалда рагIизабун цере рахъарал спортсменазда бергьенлъаби ва гьел кIодо гьаруна гIарцулал сайгъатаздалъун.

Спортсменазги ракIалъулаб баркала загьир гьабуна жидеда дандчIвазе рачIиналъухъ жидер церерахъиназда халккун рукIарал, жидее дугIа-алхIам гьабурал тIолго спорт бокьулезе.

-ТIоцебесеб иргаялда, тIолго рецц т1адег1анав Аллагьасе гьаб борхалъиялде ниж рахинарурав, хадуб спортсменазул рахъалдаса баркала загьир гьабула тренеразе, чанги нижер къейги, къобихьиги жидеца баччарал, нижеда божилъи лъурал, бергьенлъабазул гьаб борхалъиялде рахине нижее квербакъарал.

Гьездаго цадахъ нужее, болельщиказе, баркала макьу тунги нижее дугIа-алхIам гьабурал, нижер рахъккурал. Нужер рахъкквей, гIадатияб халкъалъул гьадинаб мугъчIвай гьечIони, гьечIин абизе бегьула нижер бергьенлъи, букIинаро пьедесталги.

Гьал бергьенлъаби ккола лъимерлъудаго, тIоцересел ругьунлъабаздаго, чIахIиял спортсменазул хIасилазухъ балагьун, нижеца цере лъурал масъалаби. Спортивияб лъагIалил хIасилал рачин гьадинаб ккана, амма гьеб кколаро ниж «пенсиялде» анин аби. Кинабго цебе буго, Аллагьас хьван батани, жеги рохизарила нилъер гIолохъабазги нилъ, нижецагоги хIаракат бахъила хадусел олимпиадабаздаги гIахьаллъизе,-ян абуна рагIи кьурав МухIамад Рамазановасги.

-Рокъове щвеялъул рохелги букIинарищха, гIагараб росу-ракьалъе медальги босун вачIиналъ, нижер бергьенлъабаздаса Дагъистанго бохиялъ. Дагъистаниял-мугIрузда чIварал магIаз бихьизабидалха «тIолго дунялалдаги щущан» бищун лъикIаб хIасил Олимпиадаялдаги,-ян хIасил бачана МухIамадица.





Гьединго спортсменазе баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровасги ва бихьизабуна МухIамад кколин районалъул рикIкIен гIемерал спортсменазул мустахIикъав ирсилавилан.

Хадубккун рохалилаб кортежалъ сапар бухьана Каспийск шагьаралда бугеб «Москва» комплексалде ва рохалилаб данделъиялъул хадублъел тIобитIана гьениб.

Гьанибго абун тела МухIамад Рамазановасда 31 августалъ рохалилаб ахIвал-хIалалда дандчIвай гьабизе бугин районалдагиян.

**P.S.** ГIагараб Октябрьское росулъ МухIамадилгун букIараб дандчIваялъул хIакъалъулъ Гирай ХIайдаровасул макъала хадусеб номералда букIина.

**Хадижат Залимханова**

**Барки**

## ХIурматиял мугIалимзаби ва тарбиячагIи!

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб цIияб цIалул сон!

Кидаго гIадин, нилъеда цебе чIун буго кIвар цIикIкIараб суал - лъикIаб байбихьигун иргадулаб цIалул сон дандчIвазе ва лъикIал хIасилалгун гьеб рагIалде бахьине. Жакъа нилъер пачалихъалъ хасаб кIвар кьолеб буго профессионалияб лъайкьей жакъасеб кьоялъул тIалабазда рекъон бачиналде. Гьелда бан нилъеца щулияб кьучI лъезе ккола цIияб кадраби хIадур гьариялде ралагьизарурал миллия проектаал хIасил кьоледухъ гIумруялде рахьинариялъе. Гьеб бараб буго школалъул лъайкьеялда.




Жакъа баркалаялъе мустахIикъал руго киналго мугIалимзаби, тарбиячагIи, лъайкьеялъул тIолго хIалтIухъаби. Нужер ракIбацIцIадаб ва жигараб хIалтIуда бараб буго цIалдохъабазул цIалул хIасилги, гьезул букIинесебги.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талихI, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

ЦIияб цIалул сонгун!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

...............

**Дорогие учащиеся, уважаемые педагоги и ветераны педагогического труда**

Примите самые теплые поздравления с Днем знаний и началом нового учебного года!

Образование - это надежный фундамент, на котором строится благополучие каждого населенного пункта и страны в целом. Нет ни одной области деятельности человека, где не востребованы глубокие знания. В век научно-технического прогресса, развития информационных технологий именно знания определяют социально-экономический потенциал общества и его способность к созидательной деятельности.

В этом году 1 сентября в нашем районе за парты сядут две с половиной тысячи детей и подростков, из них первый раз переступят порог школы около двухсот семидесяти первоклассников.

В этот праздничный день хочу пожелать всем учащимся упорно и настойчиво постигать основы наук, ощущать радость познания и неустанно стремиться к открытиям. Учитесь с удовольствием, уважайте и цените своих учителей, родителей, одноклассников.

Выражаю искреннюю признательность учителям за высокий профессионализм, за умение выявлять в ребятах их таланты и способности, за верность призванию и любовь к ученикам. Отдельная благодарность ветеранам педагогического труда, тем, кто создавал основы, на которых воспитывалось не одно поколение учителей нашего района.

Желаю всем: педагогам, школьникам и их родителям прекрасного настроения! Удачи, успехов и благополучия!

**Зайнаб Абдусаламова,** начальник управления образования

# РуцIцIеналда - лъабабилел

**Дагъал цере къояз Шамил районалъул Гьолокь росулъ тIобитIана магIарул мацIалъул республикаялъул мугIалимзабазул иргадулаб руцIцIен (слет). Гьениб гIахьаллъана нилъер районалъул къокъаги. Кутакалда чвахун цIад балеб букIиналъ гьениб ресги рекъечIого, руцIцIеналъул хIасилал гьаруна МахIачхъалаялда. Нилъер къокъаялъе гьениб щвана лъабабилеб бакI. Гьелда бан, магIарул мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъул нухмалъулей Баху МухIидиновалъул рахъалдаса баркиялъул кагъат бачIун буго. Гьелда хъвалеб буго:**

**Хириял цIумадисел!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда магIарул мацIалъул мугIалимзабазул республикаялъулаб руцIцIеналда щвараб лъабабилеб бакI. Баркала кьезе бокьун буго къокъаялъе нухмалъи гьабурай Лъондода школалъул авар мацIалъул мугIалим Заира ГIалиевалъе.

Гьединго кIудияб баркала руцIцIеналда гIахьаллъизе къокъаялъе кумек гьабуралъухъ ЦIумада районалъул администрациялъул нухмалъиялъеги.

Кьеги нужее сахлъи хаду-хадурги гьенир гIахьаллизе ва гьелдасаги лъикI цере рахъине.

**Августалъулаб данделъи**

# ХIасилалги гьаруна, масъалабиги лъуна

27 августалда Агъвали маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул августалъулаб совещание.

Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер Шамил ГIумаров ва районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов.




Данделъи рагьана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъ.

Лъайкьеялъул хIалтIухъабазда тIаде щолеб цIияб цIалул сон ва лъаялъул кьо баркун кIалъазе вахьана районалъул бетIер Шамил ГIумаров.

Баркиялъулаб кIалъаялдаса хадуб районалъул бетIерас, лъайкьеялъул системаялъе кьимат кьолаго, бихьизабуна районалда жеги гIемер рукIин гIоларел рахъал. Гьанжесел тIалабазе жаваб кьоларедухъ руго цо-цо росабалъ школалъул минаби, гIолел гьечIо районалда педагогикиял кадраби, руго суалал лъайкьеялъул хIалтIул даража борхизабиялъе гIузруяллъун жал кколел.

Гьебго заманалда районалда лъайкьеялъул хIалтIи унеб буго цере лъурал суалазе жаваб кьоледухъ. Гьеб балагьизабураб буго лъай ва тарби кьеялъулъ цIияй къагIидаби хIалтIизари гIумруялде рахьинариялде. Лъайкьеялъул даража борхизабиялъе хIажалъулел шартIаллъун ккола педагогазул профессионалияб махщел борхизаби, лъайкьеялъул организациябазул инфраструктура камил гьаби, гьеб лъикIлъизаби. Гьеб рахъалъ гьабураб хIалтIул бицунаго, районалъул бетIерас абуна исана цIияб цIалул сон Гьигьалъ ва ТIисси байбихьизе бугин цIияй школадайилан.

Районалъул нухмалъулес аслияб куцалъ тIадчIей гьабуна гIун бачIунеб гIелалъе рагъулабгун патриотикияб тарбия кьеялъул суалазда тIад. Баркала кьуна учительзабазе ва школазул киналго хIалтIухъабазе хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе гьабулеб материалиябгун моралияб кумекалъухъ.

ЦIалул даража борхизабиялъул мурадалда исана районалъул нухмалъиялъ меседил медалалда школа лъугIаразе кьуна нусазарго гъурущ, гIарцулаб медаль щваразе - кьоло щуазарго гъурущ.

-Лъайкьеялъул хIалтIул хIасил кколаро цохIо цIалул цебетIей материалиябгун техникияб рахъалъ хьезабиялда бараб, гьеб букIуна учителасул ва директорасул махщалида. Гьединлъидал аслияб масъалалъун ккола учителасул махщел камиллъи ва багъа-бачари цебетIей. Жакъасел цIалдохъабазул букIинесеб гIемерисеб буго нужеда бараб. Божи буго нужеца гьеб ишалде бажарун кIвар кьелин,-ан абуна жиндирго кIалъаялъул ахиралда Шамил ГIумаровас.

«Районалда лъай кьеялъулъ бугеб ахIвал-хIал ва хадубккун гьеб цебе тIезе ругел ресал» абураб докладгун кIалъазе яхьана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова.

Ахирисел соназ Россиялда лъайкьеялъул цогояб система гIуцIиялъулъ ккана кIвар бугел лъугьа-бахьинал. Гьелда бан, районалда лъайкьеялъул хIалтIи федералиябгун регионалияб политикиялъул масъалаби тIуразариялде балагьизабураб бугилан байбихьана гьелъ жиндирго кIалъай.



Араб соналъ районалда хIалтIизе риччана цIирарал КIванада школа ва ТIинди лъималазул ах. ЦIияб цIалул сон цIиял школазда байбихьизе буго Гьигьалъ ва ТIисси. ТIадчIей гьабуна Зайнаб ГIабдусаламовалъ тарбия кьеялъул суалазда тIадги. Бицана гьелда сверухъ гIуцIун ругел программабазул, гьединго профориентациялъул, лъималазул сахлъи цIуниялъул, лъайкьеялъул даража борхизабиялъул, араб цIалул соналъ районалъул цIалдохъабаз ТIолгороссиялъул олимпиадабазул регионалияб этапалда рихьизарурал хIасилазул. Араб цIалул соналъ районалдаса анцIила ичIго цIалдохъан гIахьаллъун вуго республикаялъулал олимпиадабазда, гьездаса анкьгояс ккун буго тIоцебесеб бакI ва щугояв вахъана призерлъун. Аслияб куцалда гьел ккола Агъвали гимназиялъул, ТIинди, Хуштада, ТIадгьаквари ва Лъондода школазул цIалдохъаби.

РахIат хун бицана лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулелъ районалда гIолел гьечIел кадрабазул хIакъалъулъ. Гьелда сверухъ кигIан хIалтIи гьабунилги, гьеб рахъ жеги рукIкIалиде ккезабизе кIолеб гьечIилан абуна гьелъ.

-Абизе бегьула араб цIалул сон букIанин нилъее хIасил бугеблъун, кигIан захIмат букIаниги, нилъеда бажаранин цIалул даража борхизабизе ва миллияб проектал гIумруялде рахьинаризе,-ян абуна жиндирго кIалъаялъул ахиралда Зайнаб ГIабдусаламовалъ. Гьелъ гьединго баркана педагогикиял хIалтIухъабазда цIияб цIалул сон, гьарана гьезие сахлъи ва хIалтIулъ лъикIал хIасилал.

Докладалда тIасан кIалъазе рахьана педагогикияб хIалтIул ветеран, биологиялъул гIелмабазул доктор, гIемер соназ районалъул лъайкьеялъул отделалъе нухмалъи гьабурав МухIамад ГIабдурахIманов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадхIабиб АхIмадов, Агъвали гимназиялъул директор Муслим ВахIидов, Хуштада росдал гьоркьохъеб школалъул директор МухIамад ХIамзатов, «Пагьму бугел лъимал» тIадеги лъайкьеялъул централъул нухмалъулев ГIалихIажи ХIусенов, лъай кьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул районалъул комитеталъул председатель Заурбег МухIамадов.

Данделъиялъул ахиралда гIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ «Россиялъул лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб хIурматияб цIаралдалъун ва Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна мугIалимзабигун тарбиячагIи.

**ГIубайдула Малачдибиров**

# Быть учителем - это большая ответственность

## Доброе слово о директоре

С чего начинается школа... и вы не ошибетесь, если скажете, что любая школа начинается с директора.



Именно директор подобен режиссеру, который создает спектакль, хотя сам не всегда появляется на сцене. Его роль творческая, административная. Его уверенность в успехе заряжает всех оптимизмом, заставляет поверить в свои силы.

Муслим Магомедович Вахидов... Это имя тесно связано с МКОУ «Агвалинская гимназия имени Кади Абакарова» .

Под его руководством коллектив гимназии активно внедряет инновационные методы обучения.

Агвалинская гимназия является лидером среди образовательных организаций района, показывает лучшие результаты в муниципальном и республиканском этапах Всероссийских олимпиад школьников. В текущем году четыре выпускника гимназии награждены золотыми медалями, один - серебряной.

После окончания Дагестанского государственного университета начал свою трудовую деятельность в должности учителя истории Гигатлинской средней школы. Работал начальником отдела субсидий, отдела спорта и молодежной политики райадминистрации, директором Гигатлинской средней школы.

С марта 2021 года Муслим Магомедович возглавляет Агвалинскую гимназию. Награжден Почётной грамотой министерства образования и науки Республики Дагестан, Почётной грамотой главы МР «Цумадинский район».

От всей души поздравляем дружный коллектив Агвалинской гимназии в лице его директора Муслима Магомедовича Вахидова с началом нового учебного года. Желаем новых побед и новых свершений!

## Учитель, депутат и общественник

Немало хороших учителей в Хуштадинской средней школе. Но особое место в коллективе занимает учитель физической культуры Магомед Абдулаевич



Ханапов. Педагог, связавший свою жизнь со спортом, считает, что не обязательно быть всем выдающимися спортсменами, но заниматься спортом должен каждый.

Магомед Абдулаевич в 1981 году окончил факультет физвоспитания в ДГПИ. Всегда подтянутый, полный сил и энергии учитель физкультуры своим примером повёл учеников за собой, прививая им любовь к занятиям спортом.

Всегда занимает активную жизненную позицию. Свою основную работу сочетает с общественной, является депутатом Собрания муниципального района, председателем Совета ветеранов труда района. Принимает активное участие в общественной жизни района. Ученики Магомеда Абдулаевича постоянно участвуют в соревнованиях различного уровня и возвращаются победителями в разных видах спорта. За последние годы его ученики трижды становились призерами республиканской олимпиады по физкультуре.

Все с признательностью и уважением отзываются об этом замечательном человеке и учителе, для которого спорт стал нормой жизни. Магомед Абдулаевич всегда работает над собой, ставит цели и достигает их, показывая достойный пример ученикам. В своей работе видит необходимость развития физической культуры и спорта путем создания условий, важных для развития и формирования личности. Педагог держит руку на пульсе, стараясь шагать в ногу со временем, стремится быть в курсе всех инновационных процессов образования.

За многолетний добросовестный труд и высокий профессионализм ему присвоили почетное звание «Почётный работник сферы образования Российской Федерации».

Поздравляем Магомеда Абдулаевича и весь коллектив Хуштадинской средней школы с наступающим праздником Днем знаний!

## Главная задача - научить учиться детей

Исадибирова Патимат Халиловна - молодой специалист, который после окончания с отличием Буйнакского педагогического колледжа имени Расула Гамзатова вернулась в родной район. Она педагог-организатор и учитель начальных классов. Патимат Халиловна курирует в школе ДЭО - МЭШ, оказывает помощь коллегам. Уверенно чувствует себя на рабочем месте, мастерски находит общий язык со своими учениками, квалифицированно рассуждает о реалиях современного образования, что становится ясно - человек пришел на свое место.

Главной задачей преподавателя начальных классов Патимат Халиловна считает научить детей учиться и уметь передать им свои знания.

Стать учителем она хотела еще с детства. Будучи школьницей Исадибирова не раз становилась победителем и призером районного конкурса «Живая классика»



У молодого специалиста была возможность остаться в городе: после прохождения практики ее приглашали на работу. Но она выбрала родной район, следуя принципу - где родился, там и пригодился.

Коллектив Кванадинской школы очень хороший, новый директор Магомедамин Ханапович Магомедов – грамотный руководитель, вместе они планируют поднять планку школы на высокий уровень.

В канун нового учебного года хочется поздравить коллектив Кванадинской средней школы с Днем знаний и пожелать старательных учеников, моральной устойчивости и сил, здоровья и оптимизма.

Пусть ваш труд будет ценен и уважаем.

В добрый час, в новый учебный год!

## Других надо обучать тому, что хорошо знаешь сам

Чтобы быть хорошим преподавателем, нужно любить то, что преподаешь, и любить тех, кому преподаешь. (В.О. Ключевский)



Одной из самых уважаемых и одновременно трудных считается работа педагога. Для каждого ясно: учить можно только тому, что сам хорошо знаешь и к изучению чего питаешь большой интерес. Для детей учитель является значимой фигурой, способной обучать не только школьным, но и жизненным премудростям.

Отрадно сознавать, что в общеобразовательные учреждения муниципалитета приходят работать молодые педагоги.

У всех своей характер, харизма, личностные достижения, методы и приемы работы. Но их объединяет то чувство, когда кажется, что некоторые привычные вещи можно сделать по-новому.

В 2020 году после окончания факультета Дагестанской филологии Дагестанского педуниверситета Раджаб Шамилович Абдусаламов по программе «Земский учитель» пришел работать в родную Метрадинскую школу. Сейчас он точно знает, что будет расти и учиться вместе со своими учениками, вместе с ними будет совершенствоваться и идти вперёд.

Раджаб Шамилович в школе является администратором МЭШ -ДЭО, ведет школьный сайт, госпаблики ВК и ОК.

Педагог-это и наставник, и воспитатель, и психолог, и художник, и актер в особенности, если ты классный руководитель. Но мало быть хорошим учителем, надо иметь еще и призвание. В 2024 году Раджаб Шамилович занял 1-е место на районном конкурсе «Самый классный классный»

Искренне поздравляем молодого педагога и весь коллектив Метрадинской СОШ с новым учебным годом! Пусть ваши ученики всегда показывают высокие результаты, а вы будете горды ими. Пусть ваш энтузиазм никогда не иссякает, а желание двигаться вперед помогает преодолевать все трудности!

## Учитель основ безопасности жизнедеятельности

Одна из главных задач учителя ОБЖ и ЗР - это подготовка нового поколения к взрослой жизни, формирование культуры в области безопасности, воспитание патриотов своей страны.

Учитель - это одна из самых древних в мире профессий. О ней сказано много слов великими писателями, учеными, мыслителями всех времен. Она воспета в поэзии, увековечена в прозе. Нет другой такой профессии, которую возвеличивают самыми различными эпитетами: почетная, высокая, благородная, полезная, необходимая обществу…

К учителю предъявляется много требований: он должен быть честным и терпеливым, добрым и строгим, умным и отзывчивым. А еще компетентным, абсолютно верящим в свою страну, любящим своих учеников. Учитель должен быть психологом, организатором, модератором, инноватором... Он должен быть первым во всем и всегда!



Таким вляется заслуженный работник образования Республики Дагестан, отличник образования Республики Дагестан, учитель ОБЖ и ЗР Тиндинской средней школы Абдулхалик Магомедович Муртазалиев.

За период педагогической деятельности он подготовил более двадцати победителей регионального этапа всероссийской олимпиады школьников и призера заключительного этапа по ОБЖ, который является на сегодня единственным призером за все время проведения олимпиады по этому предмету в районе и республике. Его учащиеся ежегодно принимают участие в заключительном этапе олимпиады.

Поздравляем Абдухалика Магомедовича и коллектив Тиндинской школы с Днем знаний!

Пусть учебный процесс начнется с легкостью и радостью, двери откроются с приятной атмосферы и светлых лиц!

Полосу подготовила Патимат Муртазалиева

# ПатIимат ГIабдулмажидова: «Коллективалъ ккурав вукIуна нухмалъулев»

**ЦIалул сон байбихьи ккола цIалдохъанасулги, мугIалимасулги хIалтIулъ цIияб анищ, масъала, гьел тIуразе ресал рати ва шартIал чIезари, ригьдалил халатбахъараб хIухьбахъудасан хадуб рохалида данделъи ва, араб цIалул соналъул хIасилалги рачун, хадубккун жидедаго тIад жеги лъикI хIалтIизе рукIиналда божильиги лъезабун, лъай-цIалиялде цIикIкIун кIвар кьолеб гIуж.**

**Школалъул жанахI цIола цо рохалилаб асаралъул жан-гучалъ, классрукъал лъугьуна лъималазул лъималазул ва пикрабазул хIалбихьи цоцае бикьулеб бакIлъун.**

**Школалъул минаялъул ккарал хиса-басиял рихьун, цIалдохъаби, хасго байбихьул классазул гьитIичал рохa-хинлъула цереялдасанги лъикI цIализе ругин ргIи кьола, гьезие кумек жидецаги гьабилин чIахIиялги гьоркьор журала, цIи-цIиял борхалъаби квегьизе, лъикI цIализе анищал гьарула, гьудуллъигун вацлъи щулалъизабула, ккаралъуб къо борхизе хIадур рукIуна, киналго захIмалъабиги къинарун…**

**Гьединаб «ракIалдещвеязул щенон балеб цIад» бачIана рекIелъе дирго лъимерлъигун школалда цIалулел соналги ракIалде щун Лъондода росдал гьоркьохъеб школалъул директор ПатIимат ГIабдулмажидовагун гара-чIвариэе пикру ккарай дир. ЦебераГIиги халалъанаха...**

**-ПатIимат, тIаде щолеб бугеб цIалул иргадулаб цIияб сонги баркулаго, бокьилаан бицани кинал хIасилалгун регIараб араб сон ва кинал масъалаби ругел цере чIарал?**

-Лъималазе лъайгун цадахъ тарбияги кьей, цIалуде гьезул гъира базаби, жакъасеб къояъул тIалабазе жаваб кьоледухъ хIажатабщинаб тIалаб гьаби, чIезаби ва лъагIалил хIалтIул хIисабкьейлъун жиб ккслеб экзаменазул хIасилал лъикIал ккей буго. Бицине къокъго бугониги, расги бигьаяб хIалтIи гуро мугIалимлъи, хасго тIалъиялдасан байбихьун лъайкьеялде квер хьвагIараб гьаб заманалда.

Дица кидаго абула церечIарал масъалаби тIокIрорчIунги тIуразе хIадураб коллектив бугин нижеран, кумекалъе хIадурал, ай цIалигун лъай тIоцебесеб иргаялда жидер лъималазе хIажат букIин бичIчIулел эбел-эменги ругебгIан мехалъ бигьа букIунин школалъул нухмалъулесе хIалтIи цебехун бачине. Коллективалъ ккурав чи вукIуна нухмалъулевги.

Араб цIалул сонги, абизе бегьула церечIарал масъалабиги тIуран регIанин абун. КIийилал гьечIого кьуна экзаменал, гIахьаллъана районалда тIоритIаралщинал тадбиразда, рукIа гьел предметиял олимпиадаби яги адабият-маданиялъулталда хурхарал цереразъинал.

ХIасилалги лъикIал рукIана. Исанаги гьелдасанги лъикIал хIасилал рукIинин божи бугоха. Гьельие хIажатал ресалги, шартIалги чIезаризе хIаракат бахьине нижги хIадурал руго.

Кинабго жо гьанже электронный къагIидаяб бугелълъул, нижерги гьебго масъала буго: цIияб программабазда рекьон хIалтIи. Араб кIиго-лъабго соналъ хIалтIана гьелде рачIиналда тIад ругъунлъаби хIисабалда, исана тIолго хIалтIи МЭШ программаялда рекъон гIуцIизе буго.

-Лъалеб букIахъе, Лъондода школалда хIинкъи букIана гьеб къаялда. Сабаб гьечIеб жо гIажалин абухъего, гьеб хIинкъи нахъе хутIана, бицадулъ абуниги, мекъи ккеларо. Баркала жалго рикIкIада ругониги, ракI гIагараб росулъ ругел МухIамад Асадулаевасе, вацал МухIамад ва АхIмад Шамсулвараевазе, росдал бетIер МухIамад ХIамзатовасе, цIалдохъабазул умумузе.

Бальгольи кколаро школалда цебе рагьараб пансионат ва республикаялъул батIи-батIияв районаздасагун шагьараздасан рачIарал лъимал гьенир цIалулел рукIин.

Абила, гьельул гIуцIарухъабазда ракIалда щиб букIун батаниги пансионатал рахъалъ, гьеб гIумруялде бахъанин абун, амма камуларо цо-цо гIоларел рахъалги.



Школа букIухъе гьоркьохъеблъун лъугьана», кьойидасан-къойиде гьенир цIализе бокьаразул къадар цIикIкIана. Гьедин букIиналъе коллективалъги къеркьана. ТIоцересел соназ рахъ-рахъаздасан, хIатта Москваялдасанцин рачIарал специалистал рукIун ратани, гьанже нижер руго 25-40 сон педагогикияб хIалтIул стаж бугел, гIолохъанаэе хIалбихьи гIахьал гьабулел специалистал. ЦIалуеги хIалтIуеги чIезарун руго шартIал, материалиябгун техникияб база щулалъизабиялда, цIигьабиялда тIадги хIалтIулел руго.

ХIалтIул хIасилалги лъикIал рукIуна, щайгурелъул нижер интернаталда гьелдехун бугеб тIалабчильи дагьаб батIияб буго…

**-МухIкан гьабуни бокьилаан ПатIимат МухIамадовна…**

-ТIоцебесеб иргаялда, киналгIаги телефонал нижер цIалдохъабазухъ гьечIо. Анкьида жаниб цо нухалъ ахIула эбел-инсухъе. Телефоназде руссун рукIине заманги букIунаро, Къуръан цIалиялъул, спортивиял тренировкабазде хьвадиялъул низам цIунула, предметиял кружоказда, щиб-щибги цIияб жо лъазабун, жидецаго щиб бугониги ургъизе, «рагьизе», пикру гьабизе тIамула. Аслияб жо буго тарбия кьей. Тарбия щварав чияс лъайги тIалаб гьабула.

Гъваридго предметал лъазариялдехун кIвар кьезе бокьун буго хадубккун, амма гьабсагIат гьельие гIурал шартIал, ресал гьечIо. ЛъикI букIинаан нижее тIадеги классазе рукъзал рагьизе рес рекьани, яги районалъул цогидал росабалъ гIадин, гьанжезаманалъул тIалабал цIунарал типовой школа бани. Гьеб мехалъ рес букIинаан тIадеги лъимал къабул гьаризе...

**-ПатIимат, кинаб къагIида бугеб нужер лъимал къабул гьариялъул?**

-Нижехъе рачIине гьира бугел лъимал кьойидаса-кьойиде цIикIкIунел руго. Пайда щибха, тIинуго гьечIеб гвендлъун яги цIацIан бачIунеб резиналъун ниж гьечIелъул. Гьединлъидал, пикру ккана исанаялдаса нахъе экзаменги кьун, гьельул хIасилазухъ балагьун гурони лъимал рачинарин. Вац, вас, росуцояв, гьудулгьалмагъ вуго абун лъимал ратIа гьаричIого, гIуцIун комиссиягун Ленинкентталда тIобитIана исана экзамен. ХIасилал лъикIал ккарал рачанаха. ГIемерал рукIана гIарзал жидерги лъимал рачеян, амма кьураб ргIи хвезе течIо нижеца... Гьединаб пансионаталъухъ ва гьелда хурхун гьабулебщиналъухъ баркала вацал Шамсулвараевазе, щиб суал бугониги, тIубазе хIаракат бахъула. Лъайкьеялъул управлениялъги къваригIел тIубачIого толаро, баркала Зайнаб ГIабдусаламовалъе.

Нижер школа бищун лъикIазул цояб бугин дицаго абуни, нижго нижецаго рецци букIина, амма нижехъе рачIине бокьаразул къадар сонидаса-сониде цIикIкIунеб бугоха.

Унтараб суал буго нижерги киназего гIаммаб: фото-видео отчетал гIемераб гьаб мехалда цIалуе хутIулеб заман цIакъго дагьаб буго. Гьединлъидал цIалуде гьира базаби, лъимал цIализе ругьун гьари ккола аслияб масъала.

МугIалимасул махщелчильи ккола щивав цIалдохъанасул рекIелъе нух бахьи, бати, цIалуде гьесул гьира базаби. Ниж рохарал руго цIалдохъабазда ва эбел-инсуда лъаялъул къимат лъалеб букIин.

ЦIалул цIияб соналда гьаризе бокьун буго тIолго пишацоязеги дирго коллективалъеги хIалтIулъ ва цIалулъ бати бергьенлъаби, цIалдохъанасда тIаса бищулеб махщалилъ ва гIумрудулъ жиндирго мустахIикъаб бакI бати, тIалабчильи цIикIкIарав, халкъалъе хIажатав инсанлъун вахьин.

Дица цIалдохъабазе гIемер такрар гьарула СССРалъул халкъияв артист Олег Басилашвилица модаялдаса кидаго ине гьечIин инсанасул берцинаб ретIа-къайи, гьалатI гьечIеб каламги, тарбия щвейги, лъикIлъиги ва намус бацIцIалъиги, гьел абадиялъего багьа къиматал якъутал ругин инсанасул абурал рагIаби. Гьелги кьочIое росун гьабизе кколин гIумруян, киналъулго кьучIги тарбия-лъай бугин абун...

**-Баркала, ПатIимат, гара-чIвариялъухъ. Гьарула церечIарал масъалаби тIуразе икъбал, тавпикъ, нужехъ цIализе гьира бугевщинав вачIине ресал рукIин. Дур нухмалъиялда гьоркь коллективалъе цIебетIей, махщел камиллъи, хIалтIул хIасилал лъикIлъаги.**

-Амин. Нужееги баркала. Нильее киназего камугеги кидаго школалъул минаялъуб цIалдохъабазул гьаракьги, мугIалимзабазул насихIаталги. Лъаялъул гьундузде галаби росулезул къадарги кьойидасан-къойиде цIикIкIаги.

**Хадижат Залимханова**

# ХIукуматалъул вакилзаби-районалда ГIадамал къабул гьаруна

Араб рузман къоялъ райадминистрациялда Дагъистаналъул ветеринарияб комитеталъул нухмалъулев МухIамад Шапиевас къабул гьаруна гIадамал.



Аслияб къагIидаялъ гIадамаз рорхулел рукIана ахираб заманалда районалда боцIи унтиялъе гIилла ва гьельие гьаризе кколел тадбирал лъазе бокьарал суалал.

Гьел ва цогидалги гIадамаз рорхарал суалалги, гIибоцIуда биркаби лъеялъул хIалтIул инги гьоркьоб лъуна МухIамад Шапиевас районалъул ветеринариял хIалтIухъабигун тIобитIараб данделъиялда.

Данделъиялда гIахьаллъана ветеринарияб комитеталъул специалисталги.

# КIвар бугел суалал рорхана

Гьал къояз хIалтIулаб сапаралъ нильер районалде вачIун вукIана федералияб хьулухъалъул Дагъистаналда бугеб пачалихъияб статистикаялъул нухмалъулев Арсен Рустамов. Агъвали райадминистрациялда хIурматияв гьобол къабул гьавуна районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадовас ва райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас.



ДандчIваялда рорхана районалъе бачIунеб инвестициялъул, бесдал лъимал рукъзаздалъун хьезариялъул, гIибоцIул рикIкIен-хIисаб гьабиялъул ва цогидалги суалал.

ДандчIвай ана лъикIаб ахIвал-хIалалда, дандрана районалъе кIвар бугел суалал хIасилал кьоледухъ тIуралел къагIидаби.

**Утерянный аттестат о среднем (полном) общем образовании Б № 0334910, выданный Агвалинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района 20 июня 2003 года на имя Лабазанова Арсена Сайдхановича, считать недействительным.**

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул кьватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета кьватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 1237 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жавабчи авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maIl.ru**